

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

DECRET N°100/037 DU 18 AVRIL 2022 PORTANT
MODIFICATION DU DECRET N° 100/123 DU 11
JUILLET 2008 PORTANT CREATION,
ORGANISATION ET FONCTIONNEMENT DE LA
CELLULE DE GESTION DES MARCHES PUBLICS,
AUTRES QUE LES COMMUNES

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi Organique n°1/04 du 19 février 2020
portant Modification de certaines Dispositions de la
Loi n°1/33 du 28 novembre 2014 portant
Organisation de l'Administration Communale ;

Vu la Loi n° 1/16 du 25 mai 2015 portant Modalités de
Transfert de Compétences de l'Etat aux Communes ;

Vu la Loi n° 1/04 du 29 janvier 2018 portant Code
des Marchés Publics du Burundi ;

Vu le Décret n°100/007 du 28 juin 2020 portant
Révision du Décret n°100/037 du 19 avril 2018
portant Structure, Fonctionnement et Missions du
Gouvernement de la République du Burundi ;

Vu le Décret n°100/069 du 24 septembre 2020
portant Missions, Organisation et Fonction du
Ministère des Finances, du Budget et de la
Planification Economique ;

Revu le Décret n°100/123 du 11 juillet 2008 portant
Création, Organisation et Fonctionnement de la
Cellule de Gestion des Marchés Publics ;

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

ITEGEO INOMERO 100/037 RYO KU WA 18
NDAMUKIZA 2022 RIHINDURA ITEGEO
INOMERO 100/123 RYO KU WA 11 MUKAKARO
2008 RISHINGA UMUGWI UJEJWE
GUTUNGANYA AMASOKO YA RETA, INGENE
UTUNGANIJE N'INGENE UKORA MU NZEGO
ZA RETA HAVUYEMWO AMAKOMINE

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika
y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro
inomeru 1/04 ryo ku wa 19 Ruhuhuma 2020
rihindura Ingingo zimwe zimwe ry'Ibwirizwa
inomeru 1/33 ryo ku wa 28 Munyonyo 2014
riringaniza ubutegetsu muri komine ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru 1/16 ryo ku wa 25
Rusama 2015 rishinga ibikurukizwa mu guha
amakomine ububasha bwa Reta bumwe bumwe ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru 1/04 ryo ku wa 29
Nzero 2018 rishinga Igitabu c'Amategeko agenga
Amasoko ya Reta mu Burundi ;

Yihweje Itegeko inomeru 100/007 ryo ku wa 28
Ruheshi 2020 risubiramwo Itegeko inomeru 100/037
ryo ku wa 19 Ndamukiza 2018 riringaniza Inzego za
Reta y'Uburundi, ingene zikora n'imirimo yazo ;

Yihweje Itegeko inomeru 100/069 ryo ku wa 24
Nyakanga 2020 rishinga Imirimo y'Ubushikiranjanji
bw'Ikigega ca Reta n'Ugutunganya Ubutunzi
bw'Igihugu, ingene butunganije n'ingene bukora ;

Asubiye kwihweza Itegeko inomeru 100/123 ryo ku
wa 11 Mukakaro 2008 rishinga Umugwi ujejwe
gutunganya Amasoko ya Reta, ingene utunganijwe
n'ingene ukora ;

Sur proposition du Ministre des Finances, du Budget et de la Planification Economique ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

DECRETE :

CHAPITRE I : DE LA CELLULE DE GESTION DES MARCHES PUBLICS ET DE SES MISSIONS

Section 1 : De la Cellule de gestion des marchés publics

Article 1 :

Il existe au sein de chaque ministère, établissement public, administration personnalisée, organisme, agence ou office, société publique, société mixte, société privée visés à l'article 3 du Code des Marchés Publics, une Cellule de gestion des marchés publics, CGMP en sigle, ci-après dénommé «la Cellule».

Article 2 :

La Cellule est placée sous l'autorité de la personne responsable des marchés publics

Section 2 : Des missions de la Cellule de gestion des marchés publics

Article 3 :

La Cellule est chargée au sein de l'Autorité contractante, de la conduite de l'ensemble de la procédure de passation des marchés publics, du suivi de leur exécution et de la réception des prestations.



Bishikirijwe n'Umushikiranangiji w'lkigega ca Reta, no gutunganya ubutunzi bw'Igihugu ;

Inama Nshikiranangiji imaze kuvyemeza ;

ASHINZE :

IGICE CA I : IVYEREKEYE UMUGWI UJEJWE GUTUNGANYA AMASOKO YA RETA N'IMIRIMO YAWO

Agace ka 1 : Ibijanye n'Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta

Ingingo ya 1 :

Mu Bushikiranangiji bumwe bumwe bwose, Ikigo ca Reta cose, Igisata ca Reta citunganiriza ivyerekeye intwaro n'ikigega, ishira hamwe, ishami canke ibiro, ishira hamwe rya Reta, amashira hamwe Reta n'abikorera utwabo basukiraniye imitahe, ishira hamwe ry'abikorera utwabo bivugwa mu ingingo ya 3 y'Igitabu c'Amategeko agenga Amasoko ya Reta, harashirwaho Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta, CGMP mu mpfunyapfunyo y'igifaransa, muri iri tegeko wiswe, « Umugwi ».

Ingingo ya 2 :

Umugwi ukurikiranirwa hafi n'uwujwe amasoko ya Reta.

Agace ka 2 : Imirimo y'Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta

Ingingo ya 3 :

Mu rwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano, Umugwi ushinzwe kurongora ibikorwa vyose bijanye n'ugutanga amasoko ya Reta, ugukurikirana ishigwa mu ngiro ry'amasoko n'ukwakira ivyaranguwe.



A ce titre, la Cellule est chargée notamment de :

1. la planification des marchés publics et des délégations de service public ;
2. la préparation des spécifications techniques ;
3. l'élaboration des dossiers d'appel d'offres et de consultation ;
4. la détermination de la procédure et du type de marché ;
5. le lancement des appels à la concurrence ;
6. l'ouverture, le dépouillement et l'évaluation des offres ;
7. l'attribution provisoire du marché ;
8. la rédaction des contrats et avenants ;
9. le visa des marchés inférieurs au seuil de passation ;
10. le suivi de l'exécution des marchés ;
11. la réception partielle, provisoire et définitive selon le type de marchés ;
12. la tenue des archives des marchés publics.

Ku bw'ivyo, Umugwi ushinzwe nk'ibi bikurikira :

1. ukugira indinganizo y'itangwa ry'amasoko ya Reta n'ugushinga abandi ibikorwa vyega Reta ;
2. ugutegura ibiranga ubuhinga ;
3. ugutegura idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa n'ibijanye n'ukwumvikana n'abahiganira isoko ;
4. ugutomora ibikurikizwa mu gutanga isoko hamwe n'ubwoko bw'isoko ;
5. uguhamagarira abahiganira isoko gushikiriza idosiye zabo ;
6. ukugurura amabasha, ukwihweza ivyashikirijwe mu mabasha n'ukuyaha amanota ;
7. ugushikiriza uwohabwa isoko vy'imfatakibanza ;
8. ugutegura amasezerano yerekeye isoko hamwe n'amasezerano yiyongera kuyari yamaze kugirwa ;
9. ukwemeza itangwa ry'isoko ridashikana urugero ntarengwa rufatirwako rw'amafaranga isoko ritwara ;
10. ugukurikirana ingene amasoko ashirwa mu ngiro ;
11. ukwakira ibimaze kurangurwa, ukwakira ivy'imfatakibanza ivyaranguwe hamwe n'ukuyakira burundu, bivanye n'ubwoko bw'isoko ubwo aribwo ;
12. ugutunganya inzandiko zerekeye amasoko ya Reta.

Article 4 :

La Cellule établit un plan annuel de passation des marchés publics qu'elle transmet pour avis de non objection à la Direction Nationale de Contrôle des Marchés Publics (DNCMP), à l'Autorité de Régulation des Marchés Publics (ARMP) et aux autorités en charge d'élaborer le budget de l'Etat s'il s'agit des financements de l'Etat.

Elle assure la publication du plan de passation des marchés approuvé par la DNCMP au Journal Officiel des Marchés Publics ou dans un journal à grande diffusion ainsi que sur le site web des marchés publics de l'autorité de régulation des marchés publics qui en a dûment reçu copie

La Cellule s'assure également du suivi de l'exécution budgétaire par la réservation du crédit et sa disponibilité et ce, jusqu'à la notification du marché.

CHAPITRE II : DE LA COMPOSITION, DE L'ORGANISATION ET DU FONCTIONNEMENT DE LA CELLULE DE GESTION DES MARCHES PUBLICS

Section 1: De la composition de la Cellule

Article 5 :

La Cellule est composée des agents permanents de l'autorité contractante.

Toutefois, des personnes spécialisées selon la complexité du marché, peuvent être recrutées le cas échéant pour faire partie de la cellule.



Ingingo ya 4 :

Umugwi urategura indinganizo yo ku mwaka ku mwaka yerekeye amasoko ya Reta azotangwa ukayishikiriza Ubuyobozi bujejwe ugusuzuma amasoko ya Reta mu gihugu (DNCMP) mu mpfunyapfunyo y'Igifaransa, Urwego rujejwe gucungera amasoko ya Reta (ARMP) mu mpfunyapfunyo y'Igifaransa n'inzego zijejwe gutegekanya amafaranga Reta ikoresha kugira bivyemeze, iyo ari amasoko akorwa ku mafaranga ya Reta.

Umugwi uratangaza indinganizo yo ku mwaka ku mwaka yerekeye amasoko ya Reta azotangwa yemejwe n'Ubuyobozi bujejwe gusuzuma amasoko ya Reta mu gihugu mu kinyamakuru c'amasoko ya Reta canke mu kinyamakuru gisomwa na benshi, hamwe no kurubuga ngurukanabumenyi rugenewe amasoko ya Reta rw'Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko ya Reta ruba rwaronse ikopi y'iyi ndinganizo nk'uko bitegerejwe.

Umugwi ujejwe kandi gukurikirana ikoreshwa ry'amafaranga yagenewe amasoko no kugenzura ko uburyo buhari imbere yo kumenyesha uwatsindiye isoko.

IGICE CA II : IVYEREKEYE ABAGIZE UMUGWI UJEJWE GUTUNGANYA AMASOKO YA RETA, INGENE UTUNGANIJWE N'INGENE UKORA

Agace ka 1: Abagize Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta

Ingingo ya 5:

Umugwi ugizwe n'abakozi basanzwe bakora mu rwego ruserukira Reta mu kugira amasezerano.

Ariko, abandi bantu babifisemwo ubumenyi, bivanye n'uko isoko irimwo ibintu vyinshi bitandukanye, barashobora gushirwa muri uwo mugwi, iyo bikenewe.



Article 6 :

Sous réserve de la délégation expresse, la personne responsable des marchés publics préside la Cellule.

Les membres de la Cellule sont nommés par ordonnance du Ministre de tutelle pour une année renouvelable, sur proposition de la personne responsable des marchés publics.

Article 7 :

Dans la mesure du possible, sont nommées à titre de membre de la Cellule, les personnes qui ont le profil suivant :

1. avoir des connaissances en marchés publics, être un ingénieur du génie rural ou civil, un ingénieur informaticien ou un juriste ;
2. toute personne dont la compétence serait jugée nécessaire.

Article 8 :

En cas d'insuffisance des moyens humains remplissant les critères définis à l'article précédent pour constituer la Cellule, ou pour le cas d'une structure en cours de mise en place, les membres de la Cellule sont complétés par ceux provenant de l'institution de tutelle.

Pour les personnes morales de droit public prévues à l'article 3, alinéa 1^{er}, point b) du Code des Marchés Publics, à l'exception d'une collectivité territoriale décentralisée, la tutelle est représentée dans la cellule de gestion des marchés publics.

Section 2 : De l'organisation de la Cellule**Article 9 :**

La Cellule comprend en son sein, une Commission de Passation du Marché CPM, une Commission de Suivi de l'Exécution (CSE), et une Commission de Réception de Marché (CRM).

**Ingingo ya 6 :**

Uwujewe amasoko ya Reta niwe akurikiranira hafi ibikorwa vy'Umugwi kiretse yabitumye uwundi muntu biciye mu rwandiko.

Abagize Umugwi bagenwa biciye mw'itegeko ry'Umushikiranangaji Umugwi ukukira, bashikirijwe n'uwujewe amasoko ya Reta, bakamara ikiringo c'umwaka umwe gishobora kwisubiriza.

Ingingo ya 7 :

Abantu bagenwa kuja mu mugwi, bishobotse baba bakwije ibibukurikira :

1. kuba bafise ubumenyi mu vyerekeye amasoko ya Reta, kuba ari umuhinga mu vyerekeye inyubako, Umuhinga mu vyerekeye ubuhinga bwa none canke uwize ivy'amategeko ;
2. umuntu wese afise ubumenyi n'ubushobozi biboneka ko bwoba bukenewe.

Ingingo ya 8 :

Mu gihe ata bantu bakwiye bakwije ibisabwa bivugwa mu ngingo ya 7 bahari kugira umugwi ukwire, canke iyo ari igisata kikiriko kirashingwa, abagize umugwi bashobora kwongerezwa n'abantu bava mu butegegi umugwi ukukira.

Ku nzego za Reta zitegekanijwe mu ngingo ya 3, agahimba ka 1, agace b) yo mw'lbwirizwa rigenga Amasoko ya Reta, havuyemwo amakomine, ubutegegi bwegukira buraserukirwa mu murwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta.

Agace ka 2 : Ingene Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta utunganijwe**Ingingo ya 9 :**

Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta ugizwe n'umugwi ujejwe gutanga isoko (CPM), umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'isoko (CSE) n'umugwi ujejwe kwakira ivyaranguwe (CRM).



Article 10 :

La personne responsable des marchés publics désigne pour chaque marché les membres des Commissions de Passation, de Suivi de l'Exécution et de Réception des Marchés ainsi que leurs présidents.

Les membres de chacune des commissions visées à l'alinéa précédent ne peuvent avoir participé, en tant que membres de la Cellule à des opérations préalables de préparation du dossier d'appel d'offres ou des termes de référence afférents au marché concerné.

Article 11 :

Les fonctions de membre de la Cellule sont incompatibles avec l'exercice d'une autre fonction administrative en rapport avec la passation des marchés au sein d'une autre Autorité contractante, du contrôle ou de la régulation des marchés publics.

Les fonctions de membre de la Cellule sont incompatibles avec toute relation d'intérêt directe ou indirecte avec les entreprises soumissionnaires des marchés publics.

En tout état de cause, les membres de la Cellule ne peuvent pas être dans une situation de conflit d'intérêt par rapport à leurs missions. Au cas où il ya conflit d'intérêt, ils sont obligés de se récuser.

Article 12 :

Les membres de la Cellule sont tenus au secret professionnel et au devoir de réserve.

Article 13 :

Les règles d'organisation et de fonctionnement de la cellule, tant en ce qui concerne la passation, le suivi de l'exécution ainsi que la réception des marchés, sont précisées dans un Règlement d'Ordre Intérieur établi par la personne responsable des marchés publics et approuvé par l'autorité contractante.

**Ingingo ya 10 :**

Uwujewe amasoko ya Reta aragenda kw'isoko rimwe rimwe ryose, abagize Umugwi ujejwe gutanga isoko, abagize Umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'isoko n'abagize Umugwi ujejwe kwakira ivyarangurwe hamwe n'abarongora iyo migwi.

Abagize umugwi umwe umwe wose mu yivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ingingo ntibashobora kuba barigeze kuja mu bikorwa vy'ugutegura idosiye y'uguhamagarira abahiganira isoko canke ibisabwa mu guhiganira iryo soko baserukira Umugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta.

Ingingo ya 11 :

Imirimo y'abagize Umugwi ntibangikanywa n'uwundi murimo mubijanye n'ugutanga amasoko ya Reta murundi Rwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano, urujewe gusuzuma canke mu rujewe gucungera amasoko ya Reta.

Imirimo y'abagize Umugwi ntirangurwa n'umuntu afise inyungu ubwiwe canke biciye mu bundi buryo mu mashirahamwe ahiganira amasoko ya Reta.

Uko biri kwose, abagize Umugwi ntibashobora kugira inyungu zitabangikana n'iyi mirimo baba bashinzwe. Mugihe hariho inyungu, umuntu ari mu mugwi ategerejwe kwitaramura.

Ingingo ya 12 :

Abagize Umugwi bategerezwa kugumya ibanga ry'akazi n'ukwiyubara.

Ingingo ya 13 :

Ingene Umugwi utunganijwe n'ingene ukora, haba mu bijanye n'ugutanga amasoko, ugukurikirana ishira mu ngiro ryayo hamwe n'ukwakira ivyarangurwe, bitomorwa mu Mategeko Ntunganyabikorwa y'Umugwi ategurwa n'uwujewe amasoko ya Reta akemezwa n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano.

Article 14 :

En l'absence de délégation expresse, la personne responsable des marchés publics assure la gestion technique, administrative et financière de la cellule sous le contrôle de l'autorité contractante, le cas échéant l'autorité de tutelle.

Section 3 : Des attributions et du fonctionnement de la Commission de Passation du Marché

Article 15 :



La Commission de Passation du Marché est chargée de :

1. l'ouverture des enveloppes sous plis ;
2. l'évaluation des offres ;
3. la proposition d'attribution provisoire du marché.

Article 16 :

La Commission de Passation du Marché est en outre chargée de :

1. superviser les travaux des sous-commissions d'ouverture et d'analyse des offres ;
2. tenir une fiche des marchés examinés par lesdites sous-commissions ;
3. tenir un registre de dépôt des offres sans blanc ni surcharge et numéroté selon le modèle établi par l'Autorité de Régulation des Marchés Publics ;
4. classer les procès-verbaux des réunions dont les extraits sont régulièrement transmis à l'Autorité de Régulation des Marchés Publics ;

Ingingo ya 14 :

Uwujewe amasoko ya Reta niwe atunganya ibijanye n'amasoko, intwari n'ubutunzi vy'Umugwi mu gihe atabitumye uwundi muntu biciye mu rwandiko, bikagenzurwa n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano, bikenewe bikagenzurwa n'ubutegetsi umugwi ukukira.

Agace ka 3 : Ivyo Umugwi ujejwe gutanga isoko ushinzwe n'ingene ukora

Ingingo ya 15 :

Umugwi ujejwe gutanga isoko ushinzwe :

1. Kugurura amabasha ;
2. guha amanota idosiye z'ivyiyemejwe n'abahiganira isoko ;
3. gutora ivy'imfatakibanza mu bahiganira isoko uworihabwa.

Ingingo ya 16 :

Umugwi ujejwe gutanga isoko ushinzwe kandi :

1. gucungera ibikorwa vy'Umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha n'ivy'Umugwi ushinzwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ;
2. ukuja uruzuza ifishi ijanye n'amasoko ya Reta yizwe n'iyi migwi ;
3. kuja uruzuza igitabu atamwanya usigara utanditswemwo kandi atagufutanganya hagatangwa n'inomero nk'uko vyateguwe n'Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko ya Reta ;
4. gushingura ku rutonde ivyegeranyo vy'inama, inzandiko z'iyimuriro zavyo zikaja zirarungikirwa Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko ya Reta ;

5. prendre la décision de proposition d'attribution provisoire du marché, sur base du rapport d'évaluation élaboré par la sous-commission d'analyse ;
6. transmettre à la personne responsable des marchés la proposition d'attribution provisoire du marché.

Article 17 :

Le président de la CPM désigne une sous-commission d'ouverture chargée de procéder à l'ouverture des plis, et une sous-commission d'analyse exclusivement chargée d'évaluer et de classer les offres.

Article 18 :

La CPM reçoit le rapport d'évaluation des offres de la sous-commission d'analyse et dispose d'un délai maximal de trois (03) jours ouvrables, à compter de la date de sa réception pour se prononcer sur le ledit rapport. Les délais accordés à la sous-commission d'analyse pour l'évaluation des offres ne sont pas compris dans les trois jours sus-cités.

Article 19 :

Les membres de la CPM sont nommés pour chaque marché déterminé.

Les décisions de la Commission sont indivisibles et sont réputées avoir été prises par l'ensemble de la commission.

Toutefois, tout membre de la Commission ayant effectivement participé aux séances d'analyse des offres peut émettre des réserves motivées dans le procès-verbal d'attribution provisoire.

Article 20 :

Sans préjudice des dispositions pertinentes du Code pénal, aucun membre de la CPM ne peut




5. gufata ingingo yerekana uwohabwa isoko vy'imfatakibanza, wisunze icegereranyo cagizwe n'Umugwi ushinzwe igikorwa c'ukwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ;
6. gushikiriza uwujewe amasoko ya Reta icegeranyo cerekana uwohabwa isoko vy'imfatakibanza.

Ingingo ya 17 :

Umukuru w'Umugwi ujejwe gutanga isoko aragenwa Umugwi ujejwe kugurura amabasha n'Umugwi ujejwe gusa kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje n'ukubitondeka hakurikijwe ingene bisumbasumbanya amanota.

Ingingo ya 18 :

Umugwi ujejwe gutanga isoko urakira icegeranyo c'ivyihwejwe n'Umugwi ushinzwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ukaba ufise ikiringo kitarenza iminsi itatu (03) y'akazi iharurwa kuva wakiriye ico cegeranyo kugira ugire ico uvuze. Ibiringo bihabwa Umugwi ushinzwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje kugira ubihe amanota ntibiharurwa muri iyo minsi itatu ihejeje kuvugwa.

Ingingo ya 19 :

Kw'isoko rimwe rimwe ryose haragenwa abagize Umugwi ujejwe gutanga iryo soko.

Ingingo z'Umugwi zifatirwa hamwe atagikuwemwo kandi zifatwa ko zashinzwe n'abagize Umugwi bose.

Ariko, uwuri mubagize Umugwi wese yagize uruhara mu nama z'ukwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje arashobora kugira ico abangiriyeko akagitangira imvo mu cegeranyo cerekana uwohabwa isoko vy'imfatakibanza.

Ingingo ya 20 :

Hatirengangijwe ingingo zivyerekeye zo mu Gitabu c'amategeko mpanavyaha, nta n'umwe mu bagize Umugwi ujejwe gutanga isoko ashobora kubazwa




répondre des propos tenus et des votes émis au cours des réunions de la Commission.

Section 4 : Des attributions et du fonctionnement de la sous-commission d'ouverture et de la sous-commission d'analyse

Paragraphe 1 : Des attributions et du fonctionnement de la sous-commission d'ouverture

Article 21 :

La sous-commission d'ouverture procède au dépouillement des plis, conformément aux dispositions pertinentes du Code des Marchés Publics. Elle annexe au procès-verbal d'ouverture la liste des soumissionnaires présents.

Sous réserve des dispositions spécifiques applicables aux marchés de prestation intellectuelle, le président donne lecture à haute voix des mentions de certains documents des offres techniques et des offres financières. Les offres parvenues postérieurement aux dates et heures limites ne sont pas ouvertes.

A ce titre, la sous-commission établit un rapport détaillé d'ouverture des différentes offres.

Article 22 :

La sous-commission d'ouverture est composée d'au moins trois membres de la Cellule qui n'ont pas participé à l'élaboration du dossier d'appel d'offres.

Article 23 :

Le président de la sous-commission préside d'office la séance d'ouverture des plis.

Article 24 :

Le président de la sous-commission d'ouverture désigne au sein de ladite sous-commission, un

Ivyo yashikirije canke ibijanye n'uko yatoye mu nama z'Umugwi.

Agace ka 4 : Ivyo umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha n'Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ishinzwe n'ingene ikora

Agahimba 1 : Ivyo umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha ushinzwe n'ingene ukora

Ingingo ya 21 :

Umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha ushinzwe kugurura amabasha nk'uko bitegekanijwe mu ngingo zivyerekeye zo mu Gitabu c'Amategeko agenga Amasoko ya Reta. Uwo mugwi utegerejwe gutanga icegerenyo kiriko urutonde rw' abaje guhiganirwa isoko.

Hatirengagijwe ingingo zerekeye amasoko y'ibikorwa mvabwenge, Umukuru w'umugwi arasoma n'ijwi ryumvikana ibiri mu nzandiko zimwe zimwe z'uguhiganira isoko n'igitigiri c'amafaranga abahiganira isoko biyemeje. Amabasha y'iviyemejwe ashitse inyuma y'igenekerezo n'amasaha ntarengwa y'uku yashikiriza ntiyugururwa.

Kubera ivyo, umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha uragira icegerenyo cerekana ido n'ido ingene igikorwa c'ukugurura amabasha cagenze.

Ingingo ya 22 :

Umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha ugizwe n'imiburiburi n'abantu batatu bo mu mugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta batari mu bateguye ibigize idosiye idondora isoko rihiganirwa.

Ingingo ya 23 :

Umukuru w'umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha ni we ategerezwa kurongora igikorwa c'ukugurura amabasha.

Ingingo ya 24 :

Umukuru w'Umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha aragenya mu bagize uwo mugwi,



membre qui dresse le procès-verbal de la séance d'ouverture des plis.

Article 25 :

Les membres de la sous-commission d'ouverture sont nommés par le président de la commission de passation du marché, à l'occasion de chaque opération d'ouverture, et pour chaque marché déterminé.

Article 26 :

Le rapport détaillé d'ouverture des offres est transmis au président de la CPM.

Paragraphe 2 : Des attributions et du fonctionnement de la sous-commission d'analyse

Article 27 :

La sous-commission d'analyse fait l'évaluation et le classement des offres, conformément aux dispositions pertinentes du Code des Marchés Publics.

A ce titre, la sous-commission d'analyse établit un rapport détaillé d'analyse de différentes offres, dans un délai indiqué par le président de la CPM lors de la désignation des membres de la sous-commission d'ouverture.

Ce délai ne peut dépasser quinze (15) jours à moins qu'il ne soit prorogé jusqu'à trente (30) jours conformément à l'article 182, alinéas 4 et 5 du Code des Marchés Publics.

Uwufata icegeranyo c'igikorwa c'ukugurura amabasha.

Ingingo ya 25 :

Abagize umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha bagenwa n'Umukuru w'Umugwi ujejwe gutanga isoko hageze igikorwa c'ukugurura amabasha yerekeye isoko kanaka.

Ingingo ya 26 :

Icegeranyo cerekana ido n'ido ingene igikorwa c'ukugurura amabasha cagenze kirungikirwa Umukuru w'Umugwi ujejwe gutanga isoko.

Agahimba ka 2: Iryo Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ushinzwe n'ingene ukora

Ingingo ya 27 :

Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje urasuzuma ukongera ugashira k'urutonde ivyo abahiganira isoko biyemeje bashikirije, hisunzwe ingingo zivyerekeye zo mu Gitabu c'Amategeko agenga Amasoko ya Reta.

Ku bw'ivyo, umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje uragira icegeranyo c'ivyihwejwe kuvyashikirijwe n'abahiganira isoko batandukanye, mu kiringo gitomorwa n'Umukuru w'Umugwi ujejwe gutanga isoko igihe c'ukugena abagize Umugwi ujejwe igikorwa c'ukugurura amabasha.

Ico kiringo ntigishobora kurenza iminsi icumi n'itanu (15) kiretse congerejwe gushika ku minsi mirongo itatu (30) hisunzwe ingingo ya 182, agahimba ka 4 n'aka 5, yo mu Gitabu c'Amategeko agenga Amasoko ya Reta.

Article 28 :

La sous-commission d'analyse est composée d'au moins trois membres provenant de la Cellule à condition qu'ils n'aient pas participé à l'élaboration du dossier d'appel d'offres et à l'ouverture des plis.

En cas de financement extérieur, un représentant de l'organisme de financement participe à l'analyse des offres s'il le demande.

Article 29 :

Le président de la sous-commission préside d'office la séance d'analyse des offres.

Article 30 :

Le président de la sous-commission désigne un rapporteur qui prépare un rapport d'analyse et dresse le procès-verbal des délibérations de la sous-commission.

Article 31 :

La personne responsable des marchés publics peut faire appel à toute personne spécialisée, pour assister la sous-commission d'analyse pour l'évaluation des candidats et des offres.

Cette personne spécialisée n'a qu'une voix purement consultative.

Article 32 :

La sous-commission examine la recevabilité des offres et procède à leur analyse administrative, technique et financière.

**Ingingo ya 28:**

Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ugizwe n'imiburiburi n'abantu batatu bava mu mugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta ariko bakaba batagize uruhara mu bikorwa vy'ugutegura idosiye y'uguhamagarira abahiganira isoko gushikiriza idosiye zabo canke mu gikorwa c'ukwugurura amabahaha.

Mu gihe ari amasoko akoresha amafaranga ava hanze, uwuserukira ishirahamwe ryayatanze araja mu gikorwa c'ukwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje, iyo abisavye.

Ingingo ya 29 :

Umukuru w'umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje ni we ategerezwa kurongora ibikorwa vy'ukwihweza ivyashikirijwe n'abahiganira isoko.

Ingingo ya 30 :

Umukuru w'umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje aragena uwugira icegeranyo cerekana ingene ivyashikirijwe n'abahiganira isoko vyihwejwe akongera akagira icegeranyo cerekana ivyashitsweko n'umugwi.

Ingingo ya 31 :

Uwujwe amasoko ya Reta arashobora kwikora k'umuntu wese abifitiye ubumenyi kugira afashe umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje mu gikorwa c'uguha amanota abipfuzwa guhiganira isoko canke idosiye zashikirijwe n'abahiganira isoko.

Uwo muntu abifitiye ubumenyi ntaja mu bafata ingingo, arahanuzwa gusa.

Ingingo ya 32 :

Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje urihweza ko idosiye z'abahiganira isoko zokwakirwa ugaca wihweza ko zikwije inzandiko zisabwa, ibisabwa vyerekeye ubuhinga n'ibijanye n'amafaranga y'isoko.



dans le cadre de la procédure de consultation simplifiée, effectuée en dessous des seuils de passation.

Article 33 :

La sous-commission d'analyse des offres transmet dans un délai qui ne peut en aucun cas excéder quinze (15) jours ouvrables, le rapport détaillé d'évaluation des offres à la CPM, pour analyse et approbation du rapport d'attribution provisoire du marché par la Commission.

Toutefois, ce délai peut être prorogé jusqu'à trente (30) jours sur demande motivée adressée à la personne responsable des marchés

Section 5 : Des attributions et du fonctionnement de la commission de suivi de l'exécution

Article 34 :


La Commission de suivi de l'exécution assure le suivi de la bonne exécution du marché. Elle fait rapport à la personne responsable des marchés publics sur l'état d'avancement et des problèmes éventuels en rapport avec ladite exécution.

Article 35 :

La Commission de suivi de l'exécution est composée des membres de la cellule qui n'ont pas participé, ni à la séance d'ouverture des plis, ni à l'analyse des offres.

Article 36 :

Les membres de la Commission de suivi de l'exécution sont nommés par la personne responsable des marchés publics pour chaque marché déterminé.



Mugabano 2000, nubwa amashyamba umuho y'urugero ntarengwa rufatirwako.

Ingingo ya 33 :

Umugwi ujejwe kwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje urarungikira, mu kiringo kidashobora kurenga iminsi cumi n'itanu (15) y'akazi, Umugwi ujejwe gutanga isoko icegeranyo cerekana ido n'ido ry'ingene idosiye zihwejwe kugira ucihweze wongere wemeze icegeranyo cerekana uwohabwa isoko vy'imfatakibanza.

Mugabo ico kiringo kirashobora kwongerezwa gushika ku minsi mironko itatu (30) bibanjwe gusabwa uwujewe amasoko ya Reta.

Agace ka 5 : Ivyo Umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'isoko ushinzwe n'ingene ukora

Ingingo ya 34 :

Umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'isoko ukurikirana ko amasoko yatanzwe ariko arashirwa mu ngiro neza. Urashikiriza uwujewe amasoko ya Reta icegeranyo cerekana aho ishira mu ngiro ry'isoko rigeze n'ingorane zoba zarashitse mu gushira mu ngiro iryo soko.

Ingingo ya 35 :

Umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'isoko ugizwe n'abo mu mugwi ujejwe gutunganya amasoko ya Reta batagize uruhara mu gikorwa c'ukugurura amabashya canke mu gikorwa c'ukwihweza idosiye zashikirijwe n'abahiganira isoko.

Ingingo ya 36 :

Kw'isoko rimwe rimwe ryose haragenwa abagize umugwi ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'iryo soko.



Section 6 : Des attributions et du fonctionnement de la commission de réception

Article 37 :

La réception des prestations a lieu à la demande du titulaire du marché.

Sauf en cas de force majeure, la séance de réception est organisée par l'autorité contractante, au plus tard dans un délai de cinq (05) jours ouvrables, à compter de la réception de la demande.

Article 38 :

La réception des prestations exécutées s'effectue par une Commission constituée en fonction de l'objet du marché en présence de l'entrepreneur, du fournisseur ou du prestataire.


Article 39 :

La commission de réception du marché est composée d'au moins trois (3) membres, désignés par la personne responsable des marchés selon les modalités déterminées par le Règlement d'Ordre Intérieur de la Cellule.

Les membres de la commission ne peuvent pas avoir fait partie ni de la commission de passation du marché, ni de la commission de suivi de l'exécution.

Article 40 :

A l'issue des opérations de vérifications quantitatives et qualitatives, la commission établit un procès-verbal détaillé de réception ou de refus signé par tous les membres présents ainsi que le titulaire du marché ou son représentant.



Agace ka 6 : Ivyo umugwi ujejwe kwakira ivyaranguwe ushinzwe n'ingene ukora

Ingingo ya 37 :

Igikorwa c'ukwakira ivyaranguwe kigirwa bisabwe n'uwatsindiye isoko.

Kiretse hari imvo ntasimbwa ibitumye, igikorwa gitunganywa n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano mu kiringo kitarenza iminsi itanu (05) y'akazi, iharurwa kuva urwandiko rubisaba rwakiriwe.

Ingingo ya 38 :

Igikorwa c'ukwakira ivyaranguwe kigirwa n'Umugwi ushirwaho hisunzwe ico isoko ryerekeye, hariho umuhinga aserukira uwatsindiye isoko.

Ingingo ya 39 :

Umugwi ujejwe kwakira ivyaranguwe ugizwe n'imiburiburi n'abantu batatu (3) bagenwa n'uwujejwe amasoko ya Reta yisunze ibikurikizwa bitegekanijwe n'Amategako Ntunganyabikorwa y'Umugwi.

Abagize umugwi ujejwe kwakira ivyaranguwe ntibashobora kuba mu bari bagize umugwi ujejwe gutanga iryo soko canke mu mugwi ujejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'iryo soko.

Ingingo ya 40 :

Ibikorwa vy'ugusuzuma uko ivyaranguwe bingana n'ingene vyaranguwe birangiye, umugwi ujejwe kwakira ivyaranguwe uragira icegeranyo cerekana ido n'ido ibijanye n'ukwakira canke ukwanka kwakira ivyaranguwe gishirwako umukono n'abagize umugwi bose bari ngaho hamwe n'uwatsindiye isoko canke uwumuserukira.



Sur demande écrite de l'autorité contractante, la DNCMP apporte, le cas échéant, un appui technique à la réception des prestations.

CHAPITRE III : DES DISPOSITIONS FINALES

Article 42 :


Les autorités contractantes reprises à l'article 1 sont chargées chacune en ce qui la concerne de l'application du présent décret.

Article 43 :

Le présent décret entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Gitega, le 28 avril 2022

Evariste NDAYISHIMIYE.-



PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,


LE PREMIER MINISTRE



Alain-Guillaume BUNYONI

Général de Police.

LE MINISTRE DES FINANCES, DU BUDGET
ET DE LA PLANIFICATION ECONOMIQUE



Dr. Domitien NDIHOKUBWAYO.

Bisabwe n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano biciye mu rwandiko, Ubuyobozi bujewe gusuzuma ivyerekeye amasoko ya Reta mu gihugu burafasha mu vyerekeye ubuhinga, iyo bikenewe, mu gikorwa c'ukwakira ivyaranguwe.

IGICE CA III : INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 42 :

Inzego zihagararira Reta mu kugira amasezerano zivugwa mu ngingo ya mbere nizo zishinzwe ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko, urwego rumwe rumwe rwose mubirwerekeye.

Ingingo ya 43 :

Iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.


Bigiriwe I Gitega, ku wa 28 Ndamukiza 2022

NDAYISHIMIYE Evariste.-



KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,


UMUSHIKIRANGANJI WA MBERE,



BUNYONI Alain-Guillaume

Jenerari mu Giporisi.

UMUSHIKIRANGANJI W'IKIGEGA CA RETA,
NO GUTUNGANYA UBUTUNZI BW'IGIHUGU



Dr. NDIHOKUBWAYO Domitien.